



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS Help Center

Akò Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil Nouyòk ("DCWP")

Chèche konnen opsyon règleman ou yo anvan odyans ou an

Si w enterese antre nan yon règleman avèk DCWP olye pou w ale nan yon odyans, DCWP mande w pou w kontakte yo pou w poze yo kesyon sou yon opsyon règleman potansyèl. Pou fè sa a, ou dwe swa voye yon imel oubyen yon tèks nan LegalSettlements@dcwp.nyc.gov ak sa gen ladan l Nimewo Sitasyon yo epi non antrepriz ou an.

- Sa dwe fèt anvan dat odyans ou an, men pa plis pase 30 jou anvan dat odyans ou an.
- **Sonje ou pa ka dakò sou yon règleman avèk DCWP jou odyans ou an.**
- Epitou, yon fwa yon odyans sou sitasyon w lan kòmanse, yon règleman pa posib ankò.
- Se poutèt sa, ou ka chwazi repwograme odyans ou a pou yon lòt dat, si ou kalifye, pou detèmine si yon règleman disponib epi si ou ta renmen aksepte li (ou ka repwograme odyans ou an yon fwa san ou pa ale nan yon odyans).

Voye yon imel oubyen yon Tèks — Piga ou ale nan Biwo DCWP

DCWP mande pou moun PA vini nan biwo yo pou chèche konnen si yon règleman disponib. Yo ka fè eksepsyon pou moun ki andikape, pwoblèm lang, oswa pwopriyete kafe sou twotwa. Yon fwa ou fin voye yon imèl/tèks bay DCWP, y ap revize sitasyon w lan epi fè w konnen pa imèl/tèks si ou kalifye pou yon règleman. Si ou kalifye pou yon règleman, w ap resevwa yon "Akò Règleman" (papyè) pa imèl/tèks nan men DCWP.

Aksete Yon Règleman

Yon règleman se menm bagay ak admèt vyolasyon(yo) a. Si ou resevwa yon sitasyon pou menm vyolasyon an nan lavni, sitasyon sa a ap konsidere kòm yon dezyèm (oswa twazyèm, elatriye) ofans, avèk pèn lan k ap ogmante. Si ou dakò ak règleman an, ou dwe peye montan règleman an/amann lan **omwen yon jou ouvrab anvan dat odyans ou a. DCWP p ap aksepte pèman règleman yo pita.**

Pèman Règleman

Òf Règleman an ap gen ladan l enstriksyon detaye konsènan peman an. Metòd peman yo se jan sa a:

- Voye yon Chèk Oubyen Yon Manda Lajan Lapòs pou: "DCWP, Nan Atansyon: Collections, 42 Broadway, 5th Floor, New York, NY 10004."
 - Tanpri ekri nimewo sitasyon w lan (ki nan kwen anwo dwat sitasyon w lan) sou chèk ou oswa manda lajan w lan.
- Peye sou entènèt atravè kat debi, kat kredi oswa chèk elektwonik. Yo aplike frè konvenyans pou peman sou entènèt. Pou fè yon pèman anliy, ou dwe ale sou nyc.gov/dcwp epi klike "[Peye Amann Yo Ak Frè Yo](#)" nan modil For Businesses pou enstriksyon pou peye anliy pa kat kredi. Kat yo aksepte yo enkli Visa, MasterCard, American Express, ak Discover Card. Pèman kat kredi yo ap soumèt anba yon frè sèvis.

- An pèsonn: Pa randevou sèlman. Pou pwograme yon randevou, voye yon imel bay Collections@dcwp.nyc.gov oubyen rele (212) 436-0259 (Lendi-Vandredi, 9 a.m. – 4 p.m.) Ou kapab peye pa kat kredi, manda lajan, chèk sèlman. Pèman kat kredi yo ap soumèt anba yon frè sèvis.

Pou plis asistans, tanpri kontakte The OATH Help Center An pèsòn nan nenpòt lokal OATH, nan telefòn (212) 436-0845, oubyen atravè yon imel nan Manhelpcenter@oath.nyc.gov, Lendi a Vandredi, soti 8 AM - 5 PM.

Bronx 260 E.161st Street, 6th FL Bronx, NY 10451	Brooklyn 9 Bond Street, 7th FL Brooklyn, NY 11201	Manhattan 66 John Street, 10th FL New York, NY 10038	Queens 31-00 47th Avenue, 3rd FL Long Island City, NY 11101	Staten Island 350 St. Marks Place, Main FL Staten Island, NY 10301
---	--	---	--	---